



Dapre Lalwa, Rezilta Tès VIH Tibebe Ou Konfidansyèl!

Doktè ou kapab pataje enfòmasyon sou VIH tibebe ou sèlman ak lòt moun k ap bay tibebe ou a swen. Si tès tibebe w la pozitif, y ap deklare sa bay Depatman Sante Eta a yon fason konfidansyèl.

Pale avèk Doktè Ou.

Doktè ou ak doktè tibebe ou kapab reponn kesyon ou yo yon fason pou ou kapab deside sa ki pi bon pou ou ak pou tibebe ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Liy Enfòmasyon Eta New York nan nimewo:

- 1-800-541-AIDS (2437) - Anglè
- 1-800-233-SIDA (7432) - Panyòl
- Liy Enfòmasyon pou Malantandan TDD sou VIH/SIDA:
1-800-369-2437 moun ki fè koutfil vokal yo ta dwe rele
Relè New York:
711 oswa 1-800-421-1220
epi mande pou 1-800-541-2437

http://www.health.ny.gov/diseases/aids/consumers/hiv_basics/stds_hiv.htm

Swiv nou nan: health.ny.gov, [facebook.com/nysdoh](https://www.facebook.com/nysdoh)
twitter.com/HealthNYGov, [youtube.com/nysdoh](https://www.youtube.com/nysdoh)



Nouvèl Enpòtan Pou Nouvo Manman Konsènan Tès VIH Bebe ou a

Touswit apre ou fin akouche, n ap teste bebe ou a pou VIH, viris ki fè moun gen SIDA a.



Pou Kisa Tès la Enpòtan?

Eta New York egzije pou tout tibebe ki fèk fè yo teste pou VIH ak pou anpil lòt pwoblèm sante nan Pwogram Depistaj Tibebe ki Fèk Fèt (Newborn Screening Program). Gen medikaman doktè ou kapab bay tibebe ou touswit apre akouchman pou pa kite li gen VIH.



Kijan Tibebe Mwen Kapab Gen VIH?

Si ou gen VIH, ou ka pase viris la bay tibebe ou pandan ou ansent oswa oswa lè w ap bay li tete.



Kilè m ap Jwenn Rezilta Tès Tibebe Mwen?

Si ou te fè tès pou VIH pandan gwosès ou epi ou pa gen VIH, w ap resevwa rezilta tès VIH tibebe ou ansanm avèk rezilta tout lòt tès depistaj tibebe ki fèk fèt pandan premye vizit tibebe ou nan klinik doktè a. Pa bliye mande tout rezilta tès bebe ou a.

Si ou te fè tès pou VIH pandan akouchman ou OSWA si tibebe ou te fè tès nan moman akouchman ou, w ap resevwa yon rezilta tès preliminè (pa rezilta final) nan 12 èdtan. N ap fè yon lòt tès pou konfime rezilta a.

Rezilta tès sa a ap ede ou fè chwa yo konsènan si pou bay tibebe ou tete, swen pou tibebe ou, ak swen pou tèt ou.

Kisa Sa Vle Di Si Rezilta Tès VIH Tibebe Mwen Pozitif pou VIH?

Sa vle di ou gen VIH epi tibebe ou te pran kontak ak viris VIH la. Men, sa pa toujou vle di tibebe ou gen VIH. Pou nou kapab sèten, n ap bezwen teste san tibebe ou a ak yon tès ki chèche viris VIH la. Lè nou itilize tès sa a, nòmalman doktè tibebe ou a ap konnen si li gen VIH avan li gen kat (4) mwa. Se pou sa li enpòtan anpil pou ou pale avèk doktè tibebe ou a sou kilè pou mennen tibebe ou pou tchekòp ak lè pou retounen pou fè lòt tès san pou li.

Kisa pou mwen fè si mwen gen VIH?

Si ou gen VIH, kòmanse swen medikal touswit. L ap enpòtan pou ou pran yon medikaman VIH ki rele Terapi Antiretroviral (ART, antiretroviral therapy) jan ou sipoze a, chak jou. Medikaman sa a pral redwi chans pou w bay lòt moun viris la epi ede ou rete an sante pou w ka pran swen tibebe ou.

Sa k ap Pase si Bebe Mwen Gen VIH?

Avèk èd doktè ou, ou kapab deside sou pi bon tretman pou tibebe ou. Oumenm ak doktè ou kapab pale sou kimoun ki ta dwe konnen tibebe ou gen VIH. Epitou w ap konnen kijan pou pran swen tibebe ou, ak sa pou fè si tibebe ou tonbe malad.

